

Li fasil tankou 1, 2, 3!

Itilize Pwoteksyon Medicaid oswa MCHP W la

1

Kenbe Kat Medicaid ou epi Chwazi yon Òganizasyon Jesyon Swen (MCO)

Kenbe Kat Medicaid ou a. W ap resevwa yon kat papye wouj e blan nan lapòs nan lespas 14 jou apre enskripsyon an. Piga ou jete kat sa a. Menm si ou poko resevwa kat ou a, ou kapap toujou jwenn sèvis medikal lè w itilize Kat idantifikasyon (ID) Medicaid ou a.

Si aplikasyon w lan konplè epi yo verifye l, w ap chwazi yon MCO, pou ba ou swen.

Gade ki MCO doktè ou aksepte. Ou kapab rele doktè w la dirèkteman pou w mande li ki MCO li aksepte, osinon ou kapab chèche anliy sou **MarylandHealthConnection.gov/find-a-provider** pou w wè ki doktè ki aksepte MCO w la.

Chwazi yon MCO pou ba w swen. Chwazi yon MCO ke doktè prefere w la aksepte. Si ou pa chwazi yon MCO, eta a ap chwazi youn pou ou.

Ou kapab enskri nenpòt nan fason sa yo:

1. Vizite **MarylandHealthConnection.gov** epi konekte sou kont ou
2. Telechaje aplikasyon mobil gratis nou an, Enroll MHC
3. Rele nou nan **1-855-642-8572**. Moun ki soud oswa ki tandé di itilize sèvis Relè.
4. Mande pou yo voye yon kit enskripsyon pou ou atravè lapòs (Ou ka fè sa sou kont anliy ou oswa rele nou.)

MCO ou kapab chwazi yo se:

- Aetna Better Health of Maryland
- Wellpoint Maryland
- Jai Medical Systems
- Kaiser Permanente
- Maryland Physicians Care
- MedStar Family Choice
- Priority Partners
- UnitedHealthcare
- CareFirst BlueCross BlueShield Community Health Plan of Maryland (CareFirst CHPMD)



2

Konprann Pwoteksyon w lan

MCO w la kouvari sèvis sa yo ak anpil lòt ankò:

- Vizit kay doktè, ki gen ladan l konsiltasyon regilye oswa vizit kay espesyalis
- Swen gwosè
- Planifikasyon familyal ak planin

Maryland Children's Health Program (MCHP) bay benefis sante konplè pou timoun ki gen jiska laj 19 lane. Benefis pou timoun yo gen sa yo ladan yo ak plis ankò:

- Vizit kay doktè (byennèt ak swen maladi)
- Travay ak tès laboratwa
- Swen vizyon
- Iminizasyon (vaksen)
- Medikaman yo vann sou preskripsyon
- Lopital ak sèvis ijans
- Sèvis sante mantal prensipal kay doktè ou
- Swen dantè atravè **Maryland Healthy Smiles Dental Program**

3

Chèche yon Doktè ki aksepte Medicaid oswa MCHP

Chèche yon doktè ki nan plan w nan. Chèche anliy sou **MarylandHealthConnection.gov/find-a-provider** epi rele biwo doktè w la pou w asire yo aksepte MCO w la.

Pran yon randevou. Lè ou pran yon randevou kay doktè, fè yo konnen ou enskri nan Medicaid oswa MCHP epi ba yo non MCO w la.

Prepare w pou premye randevou w la. Aprè ou fin jwenn yon doktè epi pwograme pou premye randevou w la, vini avèk sa yo:

- Kat Asistans Medikal wouj e blan w nan ak kat MCO w la
- Yon lis ki gen tout medikaman w ap pran nan moman an

Di Nou sou Chanjman nan Fanmi Ou osinon nan Revni Ou

Aprè ou fin enskri, li enpòtan pou w di Maryland Health Connection tousuit si ou gen chanjman nan fwaye w oswa nan revni ou, pou asire ou resevwa pwoteksyon ak asistans finansye ki awopriye yo.

Mete aplikasyon anliy ou a ajou, rele nou nan **1-855-642-8572 (moun ki soud oswa ki tandé di, itilize sèvis Relè)**, oswa chèche èd gratis, an pèsòn nan **MarylandHealthConnection.gov/help**.

Chanjman ou dwe rapòte yo gen ladan yo:

- Si ou pral marye oswa divòse
- Si ou pral gen yon timoun, adopte yon timoun, oswa plase yon timoun pou adopsyon oswa nan mezon dakèy
- Chanjman nan revni
- Si w ap vin abite Maryland, epi si ou demenaje nan eta a
- Si gen chanjman nan estati andikap
- Si w ap ajoute oswa w ap retire yon depandan (yon moun ki sou responsablitè ou)
- Kèk pèt nan lòt pwoteksyon sante (pa egzanp, si anplwayè ou ap kanpe pwoteksyon an, si ou pèdi travay ou oswa si w ap kite yon travay ki bay pwoteksyon)
- Si w ap vin gen laj 26 lane epi ou pa p sou plan asirans sante paran ou ankò

Ou dwe rapòte lòt chanjman ki ka pa afekte elijibilite ou tou, tankou chanjman nan adrès ou ak koreksyon nan non ou, nan dat ou fèt oswa nan Nimewo Sekirite Sosyal ou. Pou plis enfòmasyon, ale sou **MarylandHealthConnection.gov/after-you-enroll/report-changes/**.